ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№39 (24.165) ● 2021 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 8, махуэжь ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Наркотикхэм япэщІэтыныжьмкІэ и комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2019 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м къыдигъэкІа Указ №147-УГ-мкІэ къиштам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Наркотикхэм япэщІэтыныжьмкІэ и комиссэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Наркотикхэм япэщІэтыныжьмкІэ и комиссэм хэтхэр хъэщтэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2019 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м къыдигъэкІа Указ №147-УГ-мкІэ къиштам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Комиссэм хэгъэхьэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Бырсекъуэ Р. Хь. - Минераловодскэ таможнэм и Къэбэрдей-Балъкъэр таможнэ постым и унафэщІыр

Пагуэ Ж. А. - Щэхуакіуэхэм я хуитыныгъэхэмрэ цІыхум и зэІуэпэщ псэуКІэмрэ я Іэнатіэм щыкІэлъпІыныжьмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр;

б) къыкІэлъыкІуэ сатырым:

Лыхь А. Ч. - «Тезырхэр егъэпшынымкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(эзэгурыІуэгъэ)*»

псалъэхэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу зэхъуэкІын:

Лыхь А. Ч. - «Тезырхэр егъэпшынымкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр»;

в) Езауэ А. Къ. и къулыкъм зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхуэхэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ, щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министрыр»;

г) Комиссэм къыхэгъэкІыжьын Байрамуков Ю. А.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м
№37-УГ

«Іэщіагъэхэр егъэгъуэтыныжьмкІэ, профессиональнэ щІэныгъэ гуэдзэн етыныжьмкІэ щыІэ хэкІыпІэхэр убзыхун мурадкІэ короновирус уз зэрыщІалэм зэрызиубгъуам и зэранигъэ зэкІахэм цІыхухэр хагъэхьэн папщІэ къэлъытапхъэхэр къэщтэным и Іуэхукіэ» 2020 гъэм щэкІуэгъуэм и 23-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм къыдигъэкІа Указ №149-УГ-м къару имыІэжу къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м
№38-УГ

Бжыгъэхэр зи лъабжьэ финанс активхэр, апхуэдэу бжыгъэхэр зи лъабжьэ финанс активхэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ къинэмыщІ финанс хуитыныгъэхэмрэ къызэщІэзыуфыдэ хуитыныгъэу бжыгъэхэм ятещІыхьахэр, бжыгъэхэр зи лъабжьэ къызэрыгуэкІ финанс хуитыныгъэхэр, бжыгъэхэр зи лъабжьэ валютэ зэраІэмкІэ хъыбарегъащІэ зэратым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Урысей Федерацэм и Президентым «Бжыгъэхэр зи лъабжьэ финанс активхэм, бжыгъэхэр зи лъабжьэ валютэм яхуэгъэзауэ, апхуэдэу Урысей Федерацэм и закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Федеральнэ законым кІыгъэув кІалэн щхьэхуэхэр дэгъэкІыныжьмкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм я Іуэхукіэ» 2020 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м къыдигъэкІа Указ №778-м тету **унафэ сощІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъущІэхэм е Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъым хихьыдэ Іэнатіэхэм увыну хущІэкъу цІыхухэм, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъущІэм я Спискэр щэщтэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 209 гъэм щыщкъэІуам и 21-м къыдигъэкІа Указ №127-УП-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъым и Іэнатіэхэм я Списку къыщыгъэлъэгъуам химыыбдзэкъэ зыныгъэхэм икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъым и Іэнатіэу а Спискэм хихьыдзкъэм ящыщым увыну хущІэкъухэм езыхэм я хэхъуэхэм ятеухуауэ «Хэхъуэхэм, хэщІхэм, мылъким, мылъким ехьалІа къалэнхэм ятеухуа справкэм и теплъэр къащтэным, апхуэдэу Урысей Федерацэм и Президентым и акт щхьэхуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным я Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23-м къыдигъэкІа Указ №460-мкІэ къишта теплъэр яІэу ят хъыбарегъащІэм къыдэкІуэу «Бжыгъэхэр зи лъабжьэ финанс активхэм, бжыгъэхэр зи лъабжьэ валютэм яхуэгъэзауэ, апхуэдэу Урысей Федерацэм и закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Федеральнэ законым кІыгъэув кІалэн щхьэхуэхэр дэгъэкІыныжьмкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм я Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2020 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м къыдигъэкІа Указ №778-м и гуэдзэн №1-м щыубзыхуа теплъэм тету 2021 гъэм мэкъуауэгъуэм и 30-м фІэмыкІыу ятын хуейщ езыхэм, я щхьэгъусэхэм, балигъ мыхъуа я бынхэм бжыгъэхэр зи лъабжьэ я финанс активхэм, апхуэдэу бжыгъэхэр зи лъабжьэ финанс активхэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ къинэмыщІ финанс хуитыныгъэхэм, бжыгъэхэр зи лъабжьэ валютэ зэраІэмкІэ (яІэмэ) хъыбарегъащІэ.

2. ХъыбарегъащІэр ят зыхуэфащэ щыкІагъым увын папщІэ зыхуэй документхэр щата мазэм япэ кІихуэ мазэм и япэ махуэм тещІыхьауэ.

3. Мы Указым и пункт 1-м хиубыдэ къулыкъым ягъуэвазэм 2021 гъэм щыщыІэм и 1-м щегъэжьауэ мы Указым къару щигъуэт махуэм нэсыху кІуриубыдэм тещІыхьа хъыбарегъащІэр ят 2021 гъэм мэкъуауэгъуэм и 30-м фІэмыкІыу.

4. Мы Указым къару егъуэт официальнэ къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м
№39-УГ

ЩІы Іыхьэ хэхар щатха гупым къыхагъэкІыу нэгъуэщІ гупым хэгъэхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

№47-ПП

2021 гъэм гъатхэпэм и 22-м Налшык къалэ

Прохладнэ муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм 2020 гъэм дыгъэгъазэм и 4-м №52-1.1.11/6350-м щІэту къигъэхьа лъэІуэхэм хэплъауэ, Урысей Федерацэм ЩІым теухуа и кодексым и 8-нэ статьям, «ЩІыхэр е щІы Іыхьэ хэхахэр щатха гупым къыхагъэкІыу нэгъуэщІ гупым зэрыхагъэхьэм и Іуэхукіэ» 2004 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м къащта Федеральнэ закон №172-ФЗ-м и 7-нэ статьям, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІым теухуа и кодексым и 6-нэ статьям япкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. Мэкъумэш мыхьэнэ зиІэ щІыхэм къыхагъэкІыу промышленностым, энергетикэм, транспортым, связым, радиовещанэм, телевиденэм, информатикэм хухах щІыхэм, хьэрш лэжьыгъэм, зыхъумэжыныгъэм, шынагъуэншагъэм папщІэ къагъэсэбэп щІыхэм, нэгъуэщІ мурад убзыхуахэм хуэзрахьэ щІыхэм хэгъэхьэн метр зэбгъуэзнатІэ 2533-рэ хъу, 07:04:4600000:711 кадастр номер зиІэ щІы Іыхьэу Прохладнэ муниципальнэ районым щыщ Ульяновскэ (Виноградное) къуажэм и щІынальэм хихьыбдзэр, кхъэ къыщыдзэІуахын папщІэ.

2. Мылъкур къэралым итхыныжьмкІэ, кадастрымкІэ, картографиемкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм чэнджэщ етын Ямыгъэлэпхъуэ мылъкумкІэ къэрал кадастрым зыхуэфащэ зэхъуэкІыныгъэхэр хилъхьэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий

● ЩІЭ

Дунейм къытехьащ Тэрч махуэгъэпсыр

Осетие Ищхьэрэ - Алание Республикэм и лъэпкъ библиотекэм и унафэщІым и къуэдзэ Бибоевэ Ириня игъэхьэзыраУэ, Владикавказ къалэм къыщыдэкІащ «Тэрч махуэгъэпс» зыфІаща 2021 гъэм и календарь.

КАВКАЗЫМ щыпсэу лъэпкъэр къызэщІаубыдэн гукъыдэж зэраІар хыбоІъагъуКІ зи гугъу щІы махуэгъэпсыр зэхэзыгъэувахэм. Республикэ зэхуэмыдэхэм щыпсэу цІыху цІэрыІуэхэр зэрихуам и фІыгъэкІэ, махуэгъэпсыр къызыІэрыхьэм Іэмал егъуэт гъунэгъу лъэпкъхэм я тхыдэм фІыкІэ къызэщахэм я гъащІэ гъэгъум ирипльэну. Махуэгъэпсым ихуащ ди республикэм щыщу зи цІэ жылагъуэм хэІуа цІыхухуэхэри: усакІуэхэу Щоджэнцыкіу Алий, Бицу Анатолэ, Мыкъуэжь Анатолэ сымэ, щІэныгъэлІхэу Къатхъэн Чэрим, Къумахуэ Мурадин, тхыдэдж Опрышкэ Олег, егъэджэныгъэм хуэлэжьа егъэджакІуэ цІэрыІуэхэу Бэрбэч ХьэтІутІэ, Лъостэн Владимир, ФиІэпщэ Борис, журналистхэу Бжэныкіэ Мухьэб, Вэрокъуэ Владимир, Хьэфіыці Мухьэмэд сымэ, режиссёр, артистхэу Мысостышхуэ Пщышэбий, Фырэ Руслан, Къумахуэ Мухьэдин, Олимп чемпион Кьардэн Мурат, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужьхэу Щоджэн ТІэлашэ, Хьэжмэт Хьэсэн сымэ, иджыри нэгъуэщІ куэд.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Я псэупІэр ирагъэфІэкІуэн папщІэ унагъуэ нэхъ хуэмыщІауэ 100-м щІигъум ахъшэкІэ ядэІэпыкъунущ

● Хъыбар гуапэ

Льготэ зиІэ гупхэм ящыщ унагъуэм 140-рэ хуэдизым 2021 гъэм псэупІэ къащэхун (ящын) папщІэ ахъшэкІэ ядэІэпыкъунущ. Къэралым мылъкукІэ зыщІигъэкъуэну зыхуэфащэу къалъытахэм зауэ зэпэщІэтыныгъэхэм я ветерану 10, ныкъуэдыкъуэхэм ящыщу 20-м щІигъу, унэгъащІэу 110-рэ яхэтщ.

НэХЪ япэкІэ къэралым псэупІэмкІэ и сертификатхэр къагъэсэбэпри я псэупІэхэм ирагъэфІэкІуащ унагъуэу щым.

КЪБР-м Ухуэныгъэмрэ промышленностымкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Анэдэлъхубзэр фІыуэ ирагъэлъагъу

● Щапхъэ

хьэм иту дерсхэр къызэрагъэпэщ.

- Мыпхуэдэ зэпеуэ 2019 гъэм едгъэкІуэкІауэ щытат, ауэ, пэжыр мыІпІэмэ, сабий мащІэщ хэтар. Нэгъабэ пандемием и ягъэкІэ къызэдгъэпэщыну Іэмал диІакъым. Мы гъэм зэпеуэр щыдублэжьым дыгуГъакъым куэд къытухуэщэну, арщхьэкІэ зи ныбжьыр илъэси 5 - 7-м ит сабийуэ 35-рэ къыхьихьащ, уеблэмэ абыхэм яхэтащ зы урыс щІалэ цІыкІуи. Нэхъыбэу жаІар бзэм теуэ хуэ усэхэрщ. Сабийхэм гукъыдэж яІэу зэпеуэм зэрыхэтам, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэми яфІэгъэщІагъэну зэрыхьыхьэм дрогушхуэ икІи шэч хэмылъу, адэкІи дыхущІэкъунущ я бзэр нэхъ куууэ зэредгъэщІэнум, - жеІэ прогимназиеми и гъэсакІуэ **Хьэцыкіу Іэминэ**.

- ЩІэблэм я анэдэлъхубзэр яІурылъу къэдгъэхъуныр ди къалэн нэхъыщхьэу къыдолъытэ, абы ипкъ иткІэ сабийхэм ядедгъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр адэкІи едгъэфІэкІуэнущ, - къыхигъощащ Іуэхущ Іапі э м и унафэщІым. - Ди мурадщ усэ къеджэнымкІэ зэпеуэр, хабзэ тхузэхуу, ауэ зэхэтщэну. КъищынэмыщІауэ, адыгэ таурыхъэхэм, хъыбархэм къытращыкІа теплъэгъуэхэмкІэ зэхьэзэхуэхэр едгъэкІуэкІыну ди гугъэщ. А Іуэхум и лъэныкъуэкІэ зыхуэдгъэувыжа къалэнхэр мащІэкъым икІи дэтхэнэри зэрызэдгъэхъуІэным иужь дитынущ.

Нэрылъагъу тщыхуащ сабийхэм я гъэсэныгъэм, зыужьыныгъэм хуэунэтІауэ мы Іуэхущ Іапі э м лэжьыгъэ щхьэпэхэр зэрыщрагъэкІуэкІыр. Шэч къытумыхьэу пхужьІэнущ Бахъсэн къалэ дэт прогимназие №1-м и гъэсэн цІыкІуэм я анэдэлъхубзэр яІурылъу, льэпкъ хабзэр ящІэу къызэрытэджынур.

БАКЪ Мадинэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Мэлыжьыхьым и 8, *махуэжь*

♦Цыджанхэм я дунейпсо махуэщ. Цыджанхэм я дунейпсо Конгрессу 1971 гъэм Лондон щызэхэтам къыщащтащ абы теухуа унафэмрэ лъэпкъым и гимнымрэ и ныпымрэ.

♦УФ-мрэ Белоруссиемрэ я Дзэ комиссариатхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦1766 гъэм мафІэсыр щагъэнэкІыфІкІэ къагъэсэбэп пкІэлъей зэрыгъэжыр къызэрагупсысам и патент дунейм щыяпэу США-м щатащ.

♦1918 гъэм пІъыфищу зэгуэлъ Урысей бэракъыр зэрахъуэкІащ щэкІ плъыжь зэфэззэщым къыхэщІыкІа, зи къуапэм гъубжэ, уадэ, вагъуэ хэщІыха ныпкІэ.

♦1918 гъэм Сихьу Сэфарбий и усэхэр зэрыт тхьилъ къыдэкІащ.

♦1966 гъэм КПСС-м и ЦК-м и Секретарь нэхъыщхьэу Брежнев Леонид хахащ.

♦Азие Курытым щыщ къэрал къулыкъущІэ, дзэзешэ, Кавказым и тхыдэми лъэужьышхуэ къыхэзына **Тамерлан** къызэралъхурэ илъэс 685-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм щыщ парт, совет лэжьакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Чэмокъуэ Аслъэнджэрий** къызэралъхурэ илъэси 113-рэ ирокъу.

♦Композитор, УФ-м гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Тыкъуэ Къаплъэн** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Дипломат, Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм и Секретарь нэхъыщхьэу 1997 - 2006 гъэхэм щыта **Аннан Кофи** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Адыгеймрэ УФ-мрэ я щІыхубз сурэтыщІ, АР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къат Теучэж** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Футболист цІэрыІуэ, тренер Іэзэ, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, къэралым и чемпион, Совет Союзым и мызакъуэу, дунейм и щІыпІэ куэдми зи щІыІуэ **Чивадзе Александр** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м и Парламентым щІэнхабзэмкІэ, граждан, жылагъуэ Іуэхущ Іапі э м зегъэужьынымрэ цІыхубз хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и комитетым хэт **Пащты Борис** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м и жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ **Шэшэн МуІэед** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Урысей футболист цІэрыІуэ, УФ-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, ди къэралми дуней псоми я гъуащхьэтет нэхъыфІхэм хабжэ **Акинфеев Игорь** и ныбжьыр илъэс 35-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 23 - 25, жэщым градус 8 - 10 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 9, *мэрем*

♦Куржым и лъэпкъ зэкъуэтныгъэм и махуэщ. 1991 гъэм Куржым и Совет Нэхъыщхьэм унафэ кІиштащ я къэралыгъуэр зэфІэгъэувжьыным теухуауэ.

♦Косовэ Республикэм и Конституцэм и махуэщ

♦1667 гъэм дунейм щыяпэу гъуэзджэм и произведенэхэм я дунейпсо выставкэ Париж къыщызэІуахащ.

♦1699 гъэм Пётр Езанэм унафэ ищІащ «Москва и уэрамхэр кьабзэу щытыным кІэлъыплъыныпрэ ахэр къэзыцІэпІхэм тезыр ятелъхьэныпрэ теухуауэ».

♦1928 гъэм Тыркум и дин нэхъыщхьэу щагъэуващ исламыр.

♦1940 гъэм нацист Германием и дзэхэр Норвегиемрэ Даниемрэ иэзыгуащ.

♦1945 гъэм советыдзэхэм Кёнигсберг къалэ-быдапІэр (иджы Калининградщ) яубыдащ.

♦1946 гъэм СССР-м и Министрхэм я Советым къыщтащ ЩІэныгъэхэмкІэ академием и лаборатории №2-р къызэрэпэщыным теухуа унафэ щэхур. Новгород Ищхьэрэ областымрэ Мордовиемрэ я ГъунапкІэм хуэзэ а Іуэхущ Іапі э м, Арзамас-16 жьыуІэм, совет ядернэ Іэщэр щащІым хуейуэ къалэн иІэт.

♦Совет актёр, РСФСР-м и цІыхубз артист **Сафонов Всеволод** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦Франджы актёр щІэрыІуэ **Бельмондо Жан-Поль** и ныбжьыр илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущІэ, УФ-м и Правительствэм и УнафэщІу щыта **Черномырдин Виктор** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, КЪБКЪУ-м и профессор **Азэмэт Лалушэ** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Литературэдж, критик, къэрал лэжьакІуэ, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Тхьэгъэзит Юрий** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Тыркум щыщ Кьайсэр вилайетым и губернатору щыта **Джамбулэт (Яхэгуауэ) Нихьэт** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх мащІэ къешхьу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 16, жэщым градуси 6 - 8 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Гъатхэ махуэ гъэ егъашхэ

Хьэ хьэулейхэр нэхъ мащІэ хъуну пІэрэ?

Хьэ хьэулейхэмрэ унагъуэхэм ейуэ пІалъэкІэ къашэ хьэхэмрэ я егъэзыпІэ дызэрыт илъэсым къриубыдэу Налшык щащІынущ. Мэлыжьыхьым и 6-м екІуэкІа пресс-конференцым апхуэдэу щыжиІащ Хьэ ящІэ округым и Іэтащхьэ Ахъуэхъу Таймураз. Псэущхьэ щитхум ятещІыхьа апхуэдэ Іуэхущ Іапі э м и проектыр иджыблагъэ хьэзыр ящІащ.

«ІУЭХУЩІАПІЭР щаухуэну щыпІэм тещІыхьауэ мы зэманым проектыр зэхуагъэхъуж. Мыбы ветеринар Іуэхутхьэбзэ псори псэущхьэхэм щагъуэтынущ, ахэр щыІэ мардэхэм тету яІыгъынущ, ягъэшэнущ. Мы проектым сом мелуан 26-рэ хуэдиз текІуэдэнущ», - жриІащ Ахъуэхъу Таймураз журналистхэм.

Ухуэныгъэр щрагъэкІуэкІыну щыпІэм зыхуеину инженер коммуникацэ псори иращэлІащ, гъуэгу ящІащ. Хуей хъумэ, зрагъэубгъун папщІэ егъэзыпІэм щыІэнэщІ щъэдзащ щытынущ. Иджыпсту ухуэныгъэр егъэкІуэкІыным, адэкІэ псэущхьэхэр зыхуей хуэгъэзэным текІуэдэну ахъшэм и хэкІыпІэр яубыху.

Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Бзэр лъэпкъыр зэрыщыІэм и нэщэнэ нэхъыщхьэщ. Адрейхэм дахэмышыпсыхьыжьын щхьэкІэ ди анэдэлъхубзэр щІэблэ къыдэкІуэтейм яІурылъу, абыкІэ гупсысэу къэдгъэхъун хуейщ. «Чы щыкІэ къыумыгъэшмэ, бжэгъу хьуа иужь къыпхуэгъэшыжьнукъым», - жыхуиІэращ адыгэмии, ди щІалэгъуалэм адыгэбзэр ящІэн щхьэкІэ ахэр иджыри цІыкІуу дегъэхьэхын хуейкъэ я бзэм и дахагъэм, и кулеягъэм?! Абы и лъэныкъуэкІэ лжьыгъэ хъарзынэу щрагъэкІуэкІ Бахъсэн къалэм дэт прогимназие №1-м.

ИДЖЫБЛАГЪЭ, Адыгэ тхыбзэм и махуэм ирихьэлІэу, а Іуэхущ Іапі э м усэ гъэхуауэ къеджэнымкІэ зэпеуэ щрагъэкІуэкІащ.

- Ди деж къекІуалІэ сабийхэм япэ илъэситІым адыгэбзэкІэ нэхъыбэу дызэрепсалъэным иужь дитщ. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, а ныбжьым деж я бзэр яІэщІэхумэ, адэкІэ нэхъ къэщтэжьагъуэ хуунущ. Абы къыхэкІыу я анэдэлъхубзэр фІыуэ яльагъунымкІэ мыпхуэдэ зэхьэхэхэр щІэхщІэхьурэ зэхьэдошэ, - жеІэ прогимназием и унафэщІ **Быф Марина**.

Іуэхущ Іапі э м и методист **Бесльэней Эльвирэ** иригъэвэу къыхегъэщ иужьрей илъэсхэм я деж къекІуалІэ цІыкІухэм я анэдэлъхубзэр зэращІэм нэхъ кІэрыху зэрыхъуар, абы къыхэкІыуи зэрыдрагъэхьэхьэн Іэмал гъэщІэгъуэнхэр я лэжьыгъэм къызэрыщагъэсэбэпыным хущІокъу. Апхуэдэу ахэр адыгэ таурыхъэхэм ирагъэплъ, бжыгъэхэр, махуэхэм, мазэхэм я цІэхэр адыгэбзэкІэ щрагъащІэкІэ нэхъ щІэщыгъуэ ящыхьэн, нэхъ псынщІэу ягу ирубыдэн папщІэ джэгукІэ жыпІэн, шынагъуэншагъэм папщІэ къагъэсэбэп щІыхэм, нэгъуэщІ мурад убзыхуахэм хуэзрахьэ щІыхэм хэгъэхьэн метр зэбгъуэзнатІэ 2533-рэ хъу, 07:04:4600000:711 кадастр номер зиІэ щІы Іыхьэу Прохладнэ муниципальнэ районым щыщ Ульяновскэ (Виноградное) къуажэм и щІынальэм хихьыбдзэр, кхъэ къыщыдзэІуахын папщІэ.

2. Мылъкур къэралым итхыныжьмкІэ, кадастрымкІэ, картографиемкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм чэнджэщ етын Ямыгъэлэпхъуэ мылъкумкІэ къэрал кадастрым зыхуэфащэ зэхъуэкІыныгъэхэр хилъхьэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщІэ

2021 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм цІыхухэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІадэ зэманыр иухащ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ - мэлыжьыхьым (апрелым) къыщыщІэдзауэ ар къевгъэхьын папщІэ Іэ щыщІэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Іуэхущ Іапі э м и.

Мази 3-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 365-рэщ.

Ди индексыр П 5894

КЪБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр Бэрбэч Алим мэлыжьыхьым и 5-м иригъэкIуэкIа пресс-конференцым республикэм и хьыбарегъащIэ Iэухущ1апIэхэм я лэжьакIуэхэр ирагъэблэгъат.

● Абы дегъэпIейтей

УпщIэ-жэуап щIыкIэм тету

УПЩIэ-жэуап щIыкIэм тету къызэрагъэпэща зэIущIэм кулыкъущIэр щытепсэлъыхьащ дызэрыт илъэсым кьриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым ухуэныгъэм ехьэлIа и комплексым игъэзащIэн хуейуэ къыпощIылъ кьалэнхэр зыхуэзэдэм, зыхуэныкъуэ Iэпхъуэхэм, нэгъэущIэхэми.

ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, 2021 гъэм кьриубыдэу ди республикэм властым къыбгъэдэкIыу щрагъэкIуэкI ухуэныгъэхэм сом мелард 31-рэ мелуан 369,3-рэ щытрагъэкIуэдэнущ. Ар гъэ гъэкIэм яхуэзэфIэкIам нэхъ ирэ проценти 3,9-кIэ нэхьыбгущ. ЗэрыщIэм зэрыщыжаIуэ къыдэджэкIынщи, «ПсэупIэ» щIыналъэ проектым хьыкъэу, 2021 гъэм и кIуэцIкIэ, республикэм, псори зэхэту, метр зэбгъуэзанатIэ мин 513-рэ къызэщIэзыубыдэ псэупIэ унэхэр щаухуэнущ.

«Узытешыныхь псэупIэхэр гъэмэщIэн» щIыналъэ проектым тещIыхьауэ 2020 - 2021 гъэхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм хьыхьэу, цIыху 212-р къыщIагъэIэпхъуэкIынущ метр зэбгъузэнатIэ 3690,54-рэ къызэщIэзыубыдэ, жьы хъуа пэшхэм.

«Иджырей кьалэ къызэгъэпэщын» щIыналъэ проектым ехьэлIауэ Шэджэм кьалэ и уэрамхэм щрагъэкIуэкIынущ зэIузэпэщынигъэ лэжьыгъэхэм сом мелуан 50 трагъэкIуэдэнущ.

«Коммунальнэ кIэрызфыжьырыу быдэхэр зэхэдзын» щIыналъэ проектыр 2021 гъэм зэрыщагъэзащIэм теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэбелджьила пщалъэхэм Iупщу (проценткIэ) кьыщыгъэпльэгъуащ щIэрыщIэу зыхэлажьыхьыж хъунущ кIэрыхубжьэрыхухэр зыхуэдизымрэ къзбгъэсэбэпыжынкIэ Iэмал зимыIэу щIэхъумэжын хуейхэм я бжыгъэмрэ.

«Псы къабзэ» щIыналъэ проектым хьыхьэу, 2021 - 2023 гъэхэм псы кьыщIэщыпIэ-къыщIэжьапIэу, къагъэунэхунухэри хэту, 19-р зыхуей хуагъэзэнущ. А лэжьыгъэм, псори зэхэту, сом мелуани 129,9-рэ хухахащ.

«Демографие» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ, Бахъсэн Ипщэ, Бэтэх къуажьэхэм дэт курыт еджапIэхэм зы школкIуэгъэ мыхъуа щIыкIэхэм папщIэ сабий садыщIэхэр кьыщызэIуахынущ, узыншагъэр щрагъэфIакIуэ комплексыщIэ Бахъсэн кьалэ округым щызэфIагъэувнущ, Псыхъурей къуажэ спортзалыщIэу щаухуэр и кIэм нагъэсынущ.

«Кавказ Ишхъэрэ федеральнэ щIыналъэм зегъэужьын» къэрал программэм къитIасэу, ди республикэм кьыщыгнэху ухуэныгъэщIэхэм щыщIущ Майр районым хьыхь Ново-Ивановскэ къуажэм еджакIуэ 400-м тещIыхьауэ дащIыхь курыт школыр, Къэщкъэтау - Ауш1ыджэр псы жапIэщIэу яукъуэдийр, нэгъуэщIхэри.

«Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым хьыхьэу, Шэджэм кьалэ щызэфIэувэ курыт школыщIэм еджакIуэ 500-м щIэныгъэ, Солдатскэ къуажэм абы хуэдэу щаухуэм ныбжьыщIэу 250-рэ щIэхъуэнущ.

КъищынэмыщIауэ, 2022 - 2023 гъэхэм къриубыдэу Куба къуажэм щащIыну курыт школыщIэм ныбжьыщIэ 500 зэуэ щIэсынущ, Прохладнэ кьалэм щызэфIэувэнум еджакIуэ 785-м нэблагъэ щIэхуэнущ.

АНЗОРЫКЪУЭ Къесын.

Гъащ1эм фIыщIэ хуещI

«СызэрегупсысымкIэ, дэтхэнэ зы цIыхуми хьэл мыхъумыщIи щэн дахи хэлъщ. Арщхьэкlэ, сэ сытым дежи сызыхущIэхъуар, Iейр къэзгъанэу, фIым гу зэрыльытэнырщ. А псом кьыхэкIыуи, сэ нэхъ сфIэльапIэу цIыхухэм яхьэл хьэл-щэнхэм ящыщщ пэжагъыр, зэкIэлъыкIуагъэр, и пщэ дилъхьэжар зэрегъэзэщIэным хущIэкъуныр, зи яужь ихьа Iуэхур и пIалъэм зэфIагъэкIыным яужь итыныр», - щитхащ «Ар пщыгъупщэ хьунукъым» («Это нельзя забыть») зыфIмща и тхылъым УФ-м пщIэ зыхуащI и метеоролог, КъБР-м и промышленностым щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, мы махуэхэм зи ныбжьыр илъэс 80 иригъэуэ Шурдым Юрэ Хьэпагуэ и къуэр.

● Юбилей

Шурдым Юрэ

Заводым зэрыщыIамрэ комсомолым зэрыхэтамрэ

«Си ныбжьым итхэм куэд къахэбгъуэтэнукъым и сабиигъэм гугъу емыхьа, апхуэдизыр ерыскъынышэщыгъыныдыжэу дыкъэхъуащи. Нэхъ зыкъэдужьа иужькIи зэман лей кьытхуэдэмыхуэу деджащ, дыщемыджэм дылэжьащ, унагъуэм кьыдэпха Iэхуэхэр, пхъэ пыдупщIми, мэкъумыпIэр зэхуэхъэсыжыным яужь дитми, дгъэзэщIащ. ЖыпIэнур арамэ, жылагъуэр зэрыщыту гугъу дехьащ, ауэ псом хуэмыдэжу хьэзабышхуэ зытелъар си адэ, зи дэлъху кьэзымыгъэзэжахэрэт. Унагъуэм исхэм дэIэпыкъуэгъуфI тхуэхъуащ зауэм хэкIуэда ди адэм и ныбжьэгъуэхэмрэ и благъэхэмрэ», - игу кьыгъэкIыж Шурдым Юрэ.

Бахъсэн районым хьыхь Зеикъуэ къуажэм кьыдэкIа щIалэщIэр щIоIIысхь Орджоникидзе дэт, Кавказ Ищхъэрэ Бгы-металлургиитым икIи ар 1962 гъэм кьеух. Шурдымыр студенту щыщыта лъэхъэнэм ухуакIуэ гупым хэту Къэзахъстаным ягъакIуэ. Абдежым къыщигъэльэгъуа хьэрхуэрагъэм пIэнэкIуэр, абы кьыхуагъэфащащ «ЩIыщIэр къэгъэльэгъуэныр зэрыхэлIыфIыхьам хуэгъэзауэ папщIэ» медалыр.

Абы иужькIэ, Шурдымыр илъэси 5-кIэ инженеру щолажьэ Налшык дэт гидрометаллургэ заводым. А лъэхъэнэм кьриубыдэу, ар хах Iэщ1агъэлI ныбжьыщIхэм я советым и унафэщIу, новатор ныбжьыщIэхэм я Союзэпсо зэпеуэм и лидеру щытащ.

Ищхьэкlэ зи гугъу тщIа заводым и комсомол организацием и секретару щыщIыдзащ икIи ехьэлIэныгъэр кьалъытэри, Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэм Шурдымыр ВЛКСМ-м и Налшык кьалэ комитетым и апэ секретару хах.

«ЖыпIэнур арамэ, жэщ димыIэу, зыгъэпсэхугъуэ махуэ димыIэу дылажьэрт. Кьалэр зэлъытIухьиным жыдэжру яужь дитт. Стадионыр зыухуэхэм, сабийхэр щыджэгун утыку цIыкIуэр зыгъэхъэзырахэм, щэбэтхъэмахуэ махуэхэм щIыхьэхуэр езыгъэкIуэкIахэм, жыдэжрагъэ ин къэдгъэльэгъуэу, дахэтащ. Къэхъэзгъэщынщи, Налшык псым и Iуфэмэ, кьалэ паркым а лъэхъэнэм щыхаша лъагъуэ IэрыщIхэм я нэзхэм комсомолым хэту зи щIалэгъуэр а лъэхъэнэм ирихьэлIахэм щыхасауэ щыта жыгкэр ин хьужауэ нобэр кьыздэсми зэритыр си гуапэ дыдэ мэхъу», - а зэманым теухуа и гупсысэхэмкIэ мэгушIэ Шурдым Юрэ.

Парт лэжьыгъэм щыпэрытым

КПСС-м и ЦК-м деж щыIэ Парт еджапIэ нэхъыщхьэр 1975 гъэм кьиуэ иужь, Шурдым Юрэ парт лэжьыгъэм пэрагъывэ: япэщIыкIэ КПСС-м Налшык кьалэ иIэ Октябрь райкомым и итIуанэ секретару, иужьым партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и къудамэм и Iэтащхьэм и къуэдзэу, кIэлъыкIуэу - и унафэщIу ягъэув.

Парт, комсомол организацэхэм щыщылэжьам, Къбр-м и Совет Нэхъыщхьэм щыхэтам, Шурдымым кьарууэ иIэр ирихьэлIащ гуащIэрыпсэухэм, лъэпкъхэм я зэхуаку дэлъын хуей ныбжьэгъуГэмрэ лэжьыгъэм зыщIегъэх кьыщыхамыгъэкIыу, псэемыблэжу пэрытыным щыхуэр кьыхуеджэным, хэкупсэгъэсыныгъэ абыхэм ябгъэдэлъхьэным. Абы кьыдэкIуэуи, Шурдымым, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлажьэкIэрэ, щIалэгъуалэр а лъэныкъуэмкIэ тэмэму зэрыущиным яужь итт, зэманыншхуэ ятригъэкIуадэрт.

Шурдым Юрэ Iущагъэрэ зэпIэзэрыпгъэу бгъэдэлъыр, дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ кьаззрыхуигъэтыфыр икъукIэ сэбап кьыхуэхъужащ а лъэхъэнэм лъэпкъэм я зэхуаку кьыдэхъуэу щыта зэщыныдыжьныгъэхэр и чэзум зэфIэзыхьыфахэм зэрахэлIыфIыхьам хуэгъэзауэ.

Кьыхэбгъэщ зэрыхъунумкIэ, щыналъэм и парт органэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ лIэщIыгъуэ блэкIам и 70 - 80 гъэхэм лэжьыгъэхуэу ирагъэкIуэкIащ. Ди лъэпкъэгъуэхэм ящыщу, Сириеи, Иорданиеи, Тыркум, нэгъуэщI къэралхэмэ щыпсэуухэм запыщIэным ехьэлIауи.

1991 гъэм Шурдым Юрэ и унафэщIу ягъэув Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ, щэнхабзэмрэ бзэхэмрэ я IэухуэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлажьэныжьмкIэ комиссэу КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм деж кьыщызэIуахэм. Куэд дэмыкIыу ди щIыналъэм хуэзэн щыхъуащ икIи кьыщыдагъэкIащ «Бзэхэм ятеухуауэ («О языках»), «Щэнхабзэм теухуауэ» («О культуре») хабзэхэр, хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъахэгъуэхэм я Хэкум къагъэззэкьыфыныжьмкIэ щыIэ хэкIыпIэхэр кьыщыгъэльэгъуа программэри дунейм кьытехащ.

1998 гъэм Шурдым Юрэ ягъэув Стандартизацэмкlэ, метрологиемрэ къэпщытэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр центрым и унафэщIу. А кьулыкъум кьыдэкIуэуи, ар мэхъу КъБР-м къэрал пщалъэжэм (стандартхэм) кIэлъыплъынымрэ къэпщытэныгъэхэр зэгъэуIуныжьмкIэ КъБР-м и къэрал инспектор нэхъыщхьэ. А кьулыкъур абы зэрихьащ 2014 илъэсым пенсэм тIысыжьыху.

«90 гъэхэм ди къэралым щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм кьарикIуа зэщымыщхъуныгъэхэм ящыщ зыщ предприятэхэм кьыщыщIагъэкI продукцэм и фIагъыр зыхуэдэм дахэ-дахэу кIэлъыплъыжьыфу зэрыщымытыр. Арати, зи гугъу тщIы Iэхъум ехьэлIауэ щыIэ лъэпощхьэпохэр зыхуэдэр набдзэгубдзаплъэу зэхэдгъэкIын хуей хуэщ. Бгъэдыхьэкlэу бгъэдэлъагъуэхэм ятеухуауэ дэ зыхуэдгъэзащ а лъэхъэнэм КъБР-м и Президенту щыта КIуэкIуэ Валерэ. Икли, абы иужькIэ, щIыналъэм и Iэтащхьэм иригъэкIуэкIа зэIущIэхэм япкъ иткIэ, предприятэхэм кьыщIагъэкI продукцэм и фIагъыр зыхуэдэм кIэлъыплъынымкIэ комиссэхэм я лэжьыгъэр зэрыщытыпхъэу зэтрагъэувэжауэ щытащ. Абы кьыздэкIуэуи, а комиссэм хэтхэм дэфтэрхэр ягъэхьэзырат КъБР-м и Президентым и саугъэтыр кьэхьыныжьмкIэ гъэ кьэс зэхащэну зэпеуэр, фIагъ льагэ зиIэ продукцэр кьыщIэзыгъэкIэм я деж кьыщызэрагъэпэщынур, зэрырагъэкIуэкIыну щыкIэм теухуахэр. Абдежым къыщегъэжьауэ, республикэм и предприятэхэри, жыдэжрагъ къагъэлъагъуэу, хьэкащ «Урысейм и хьэпшып нэхъыфIи 100-р» къэралпсо зэпеуэм. Икли, а зэхьэзэхуэм къарикIуахэм япкъ иткIэ, «Тэрчалмэс» ОАО-мрэ «Кавказкабель» кIапсэ заводрэ ЗАО-мрэ УФ-м и Правительствэм и саугъэтым и лауреат хъуахэт», - жеIэ Шурдымым.

Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм щыхэтам

Шурдым Юрэ и гуащIэдэкI гъащIэм екъулIэныгъэфIэкIэр зэрыщIар къэзыгъэльагъуэщ абы кьратауэ щыта «ЩIыхьым и Дамыгъэ» («Знак Почёта») орденыр, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩIыхь тхылъитIыр, КъБР-м и ЩIыхь тхылъыр. Къэралым кьыхуигъэфащэжкIэ нэмыщI, Шурдымым иIэщ ВЛКСМ-м, ДОСААФ-м я ЦК-хэм, «ЩIэныгъэ» союзпсо зэгухьэныгъэм, СССР-м и ВДНХ-м, и Спорткомитетым, Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэм, Урысейм и Къэрал стандартым, къэралымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я адрей министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ кьабгъэдэкIа тыгъэ льапIэхэр.

Шурдым Юрэ КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм и зэхуэситIым я цIыхубэ депутату хахащ, гуащIэрыпсэухэм я депутатхэм я Налшык кьалэ советым и зэхуэсыгъуэ зыбжанэм и депутату, ВЛКСМ-м и XVI, XVII зэхуэсышхуэхэм я лIыкIуэу щытащ.

Мы зэманым Шурдымыр КъБР-м и Парламентым деж щыIэ Жылагъуэ советым хэтщ, комсомолым и ветеранэхэм я Налшык кьалэ советым щIыхь зиIэ и тхьэмадэщ.

«СызэплъэкIыжу сухуэныгъэр аращи, есхьэкIа гуащIэдэкI гъащIэм кьриубыдэу сызыхэта Iэухуэхэр гъэщIэгъуэнт, гугъуехьэмкIи гъэнщIат, - кьыпещэ и псалъэм нэхъыжьхьIым. - Совет Союзым и щIыху мелуанхэм къатехьэлъэу, къэралышхуэр щылъэлъэжа, зэхъуэкIыныгъэхэр кьыщрахьэжьа лъэхъэнэм экономикэр зыIууа лъэпощхьэпохэм я кьадэкIуэу, цIыхухэм я гупсысэкIэми зихъуэжат. АрщхьэкIэ, си щхьэкIэ зыкъызощтэжри, дэнэкIэ сыщымылэжьами, сыт хуэдэ Iэнатlэ сыпэрамыгъэувами, сэ къэслъытэрт абы нэхъ льапIэ щыIамэ. СызэрелъымкIи, зэман блэкIахэм кьыдэдекIуэкIа Iуэху бгъэдыхьэкIэхэм я нэхъыбэр, псом хуэмыдэжу щIалэгъуалэр гъэсэным хуэгъэзахэр, дызэрыт лъэхъэнэми властым и органхэм кьахуэгъэсэбэпынут, кIуэ тIэкIу щIэ гуэрхэр халъхьэж хуэдэу ящIми».

«НыбжьэгъуфI си куэдщ. Ахэр зи Iэщ1агъэм фIы дыдэу хэзыщIыкIыхуэщ, хьэл-щэн дахэ, Iущагъэ, щыпкъагъэ ин зыбгъэдалъхуащ, ныбжьэгъуГэм хуэпэжхэщ. СэркIэ нэхъыщхьэри, къэзгубзыгъыжьым кьриубыдэу зы цIыхуи, си щIыкIэ хуэзгъаззу, кьызэрызымыгъэпцIарщ, утыку кьызэризмынарщ. Аращи, цIыхуфI зыхуэщIэжэм сащыщщ, ауэ щыпкъыкIи си гъащIэри кьызэхъуIаIащ», - жеIэ Шурдым Юрэ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Фэеплъ

ЩIыхубэм ягу къинэжа

КЪБР-м и щэнхабзэмрэ гъуэзащIэмрэ илъэс 40-м нэблагъэкIэ хэлъхьэныгъэ хуэзыщIа, Музыкэ театрым и репертуарым хьыхь оперэхэмрэ опереттэхэмрэ партие нэхъыщхьэхэр щызыгъэзащIэу щыта Дэбагъуэ Хьэсэн псэужамэ, гъатхэпэм и 30-м и ныбжьыр илъэс 80 иригъунут.

Дэбагъуэ Хьэсэн

ДЭБАГЪУЭ Хьэсэн кьыщалъхуа Дзэлыкъуэ хуэжаэм дэт курыт еджапIэ 1958 гъэм кьыуха нэужь, уэрэдымрэ къэфэмкIэ «Кабардинка» къэрал ансамблым зы илъэскIэ щылэжьащ. Иужькlэ и щIэныгъэм щыпищащ Налшык и Музыкэ училищэм уэрэджьякIуэхэр щагъэхьэзыр и къудамэм. Зы илъэскIэ абы щIэсауэ, Тбилиси щIэ кьуэдт еджапIэм ягъакIуэри, абы илъэситкIэ щеджажащ. 1963 гъэм Собиновым и цIэр зэрихьэу Саратов дэт къэрал консерваторэм уэрэд жыIэныкIэ и факультетым щIэтIысхьэжащ. Консерваторэм щыщIэса илъэсхэм лэжьэн щIэзыдза Дэбагъуэм Совет Союзым, хамэ къэралхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым я композиторхэм я Iэдакъэщ1экIэхэр игъэзащIэт. 1967 гъэ пщIондэ абы щеджауэ, Римский-Корсаковым и цIэр зэрихьэу Ленинград дэт къэрал консерваторэм зригъэдзыжат, ауэ зы илъэс нэхъ щымыIэу, Саратов игъэзэжауэ щытащ. 1970 гъэм Дэбагъуэ Хьэсэн и дипломыр кьратыжри, Налшык и Музыкэ театрым лэжьэн щыщIдзащ.

И макъыр зэрыгуакIуэм кьыдэкIуэу утыку итыкIэ екIуи зиIэ артистым роль, оперэ партие зэмылIэужьыгъуэхэр игъэзащIащ. Къыжьыпхъэщ и Iэнатlэм щыпэрыхьа япэ махуэхэм щыщIэдзауэ ар театрым и уэрэджьякIуэу пажэхэм ящыщ зэрыхъуар. Абы утыкум щигъэзащIа роль куэд цIыхухэм гукъинэж ящыхъуащ. Атхуэдэхэщ Эдвин, Пали-Рач, Рауль (Кальман И. и «Сильва», «Цыган премьер», «Фиалка Монмартра» опереттэхэм), Ионельрэ Данилэрэ (Легар Ф. и «Цыганская любовь», «Весёлая вдова»), Альфред (Штраус И. «Летучая мышь»), Ариф (Гаджиев Р. «Кавказская пленница»), Командор (Самойлов М. «Похождения Дон Жуана»), Грициан (Александров Б. «Свадьба в Малиновке»), Стешкэ (Птичкин Е. «Бабий бунт»), Тасило (Кальман И. «Мариця»), Андрей Туманский (Стельников Н. «Холопка»), Батыр (Къардан Хьэсэн. «Мыщэ и кьуэ Батыр», макъамэ-таурыхъ), Хьэдис (Жырыкъ Заур. «Тайна сердца», макъамэ гушIэ) сымэ я ролхэр, нэгъуэщI куэдри.

Альфред Герцог Мантуанский (Верди Дж. и «Травиата», «Риголетто» оперэхэм), Хозе (Бизе Ж. и «Кармен» оперэм), Тюленин Сергей (Мейтус и «Молодая гвардия» оперэм), Молэ Владимир и «Къамботрэ Лацэрэ» оперэм я партиеу Дэбагъуэм игъэзащIэкIэр театрым щагъэува спектаклхэм хьахощ. Абы и дэтхэнэ зы ролри фIыуэ кьехъулIэрт. Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ папщIэ ягъэув спектаклхэм фIэфI дыдэу хэтт, актёр Iэзагъ бгъэдэлъымкIэ щIэблэм театрыр фIыуэ зэрыригъэлъагъунум ажьэ итт.

- Дэбагъуэ Хьэсэн театр гъащIэр и Iэпкъ-лъапкъым хэтт. Абы театрыр апхуэдизкIэ административнэ жэуапым ирашIэлIащ УФ-м и КоАП-м и 13.19 статьям и апэ Iыхьэмкlэ (статистикэ хъыбархэр зэрырщIиуфам кьыхэкIыу) сом мин 20 ипшыныну, апхуэдизу административнэ Iэухуэ кьаIэтащ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Лэжьакlуэхэм я сэбэп пылъу Прохладнэ район судым хуагъэхьащ улахуэмкIэ телъ щIыхуэмрэ лэжьапIэ щатын хуея пIалъэм зэрыфIагъэкIам, абы кьыхэкIыу щхьэщатыкIын хуей процентхэри хэтыжу «Риал» ООО-м ирагъэпшыныну къэзыгъэув тхылъхэр. Прокуратурэм яхуигъэувахэр кьанэ щымыIэу ягъэзэщIащ.

УАРДЭ Жансурэт.

● Пенсэ

Улахуэр гъэпщкIуауэ къыватмэ

Улахуэ зэIухарщ страховой пенсэр зэрагъэувынур зыубзыхур.

КъБР-м щыIэ УФ-м и Пенсэ фондым и къудамэхэм кьызэратымкIэ, цIыхур лэжьыгъэ Iэнатlэкlэ кьызэзыгъэпэщу улахуэр «конвертым» дэлъу зытым, и лэжьакIуэхэр къэкIуэнум хуэфащэ пенсэ кьаIэрыхьэным хегъэкIыж, апхуэдэуи иджырей пенсэми ар кьытохьэлъэ, улахуэр зэIухауэ зэрыщымытым кьыхэкIыу Пенсэ фондым зыри кьыIэрыхьэркъыми.

Лэжьыгъэкlэ кьызэзыгъэпэщым и лэжьакIуэм екъэлIауэ Пенсэ фондым IэриГэхъэ страховой взносыр зыхуэдэм елъытащ цIыхум хуагъэувыну пенсэр зыхуэдизыну. Арати, Iэрыпльхъэу гъэпщкIуауэ ират улахуэр абы щыгъуэм зэкъыпытэнукъым.

Апхуэдэуи официальнэу ямытхауэ лажьэ Iэнатlэ Iуткэм Iэмал ягъэзытыныкъым пIалъэкlэ зэрымылэжьэфым, зэрылажьапIэншэм, сабийм зэрыбгъэдэсым екъэлIа, апхуэдэуи зытыр зэрагъэмащIэм кьыхэкIыу лэжьапIэм зэрыIуагъэкIыжам теухуа пособиехэр кьаIэрыхьэну.

Пенсэ хуитынигъэхэм, щхьэзакъуэ пенсэ счётым теухуа хъыбархэр кьыщыфIэфынущ УФ-м и Пенсэ фондым и сайтым и «Личный кабинет гражданина» электрон сервисым. Псори зыхуей хуэзэу икIи нэщIысауэ абы фи Iэухуэхэр кьыщымыгъэльэгъуамэ, и чэзум зыхуэхэгъаззэ хъунущ лэжьыгъэкIэ укъызэзэгъэпэщам. Ар зэгъэзэхуэжауэ ПФР-м и щIыналъэ Iэнатlэм Iэрыгъэхьэн хуейщ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

ЩIыхуэр ирагъэпшынымрэ

Прохладнэ къалэм и прокуратурэм къипщытащ «Риал» ООО-м лэжьыгъэ законодательствэм къигъэувкIэр зэрыщагъэзащIэр.

СЭТЕЙ кьызэрыхуащи, КъБР-м и Арбитраж судым и унафэкIэ «Риал» ООО-р мылъыкIэ зи щхьэ хущыытыжьыфу (банкроту) къалъытащ. Абы щыгъуэми, Iэухущ1апIэм и лэжьакIуэ 355-м я деж улахуэ щыхуэу сом мелуан 25-м щигъу кьыщцытехуат.

Цыхухэм я хуитынигъэхэр зэфIигъэувэжьын мурадкIэ прокуратурэм зэфIигъакIащ а щIыхуэр егъэпшынымрэ хуэунэтIа Iэухуэр. Кьапщтэжэ, унафэщIыр хуэхэм траухуэ икIи кьыхуеджэныгъэ щхьэхуэхэм щIэту йокIуэкI. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «КъэкIуэнур убзыхун», «Гъэгухэм ышынагъэншагъэр кьыщыIэтыгъэншэн», «Зы ани, зы сабии гулъытэншэу кьэдгъэнэнкъым», «ЩIыуэпсым кьыщыхьэу зэхъуэкIынныгъэхэм узыншагъэр щыхьумэн», «Лъы зыгъэр сымаджэ куэдым ядоIэпыкIу», «Жьыджэрагъэр ящIэ кIыхьым и лъабжьэщ», «ЩIыуэпсым кьыщыхьэу зэхъуэкIынныгъэ узыншагъэр щыхьумэн», «Лъы дзуейм уэзырпIэщIэтыныр», «Гъэдэ-бадзэ лIэужьыгъуэхэм кьрахьэкI узыфэ зэрыщIалэхэр», «Ерыскъыпхъэхэм я шынагъэншагъэр», «Фошыгъу узым дытекIэнуц!», «Узыншагъэр хьумэнымкIэ Iэнатlэм щыхуащIэ Iэухутхьэбзэхэм щыху псори кьыщIэгъэубыдэн», «Узыфэ зэрыщIалэхэм пэщIэтыным, ар гъэхъужыным епха Iэухуэгъуэхэм, гъащIэ хуэхэм траухуэ икIи кьыхуеджэныгъэ щхьэхуэхэм щIэту йокIуэкI. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «Захуагъэ, узыншагъэ нэхъыбэ зэдэщIэ дуней дахуэнщ» кьыхуеджэныгъэм щIэту.

Узыншагъэм и хьумэныр щыху къэс и кьалэн кьудейуэ зэхэнэжкъым, атIэ ар я пщэрыльщ жылагъуэ, къэрал Iэухущ1апIэхэми, узыншагъэр хьумэнымкIэ Iэнатlэ псоми. Кьалэнышхуэ ягъэзащIэ а махуэм ирагъэкIуэкI Iэухуэгъуэхэм: медицинэм и унэтIныгъэ зэмылIужьыкIыгъуэхэм теухуа семинархэм, конференцэхэм, егъэджэныгъэ Iэухущ1апIэхэм кьыщызэрагъэпэщ зэхьэхьэхэм, узыншагъэр хьумэнымкIэ Iэнатlэм щыIэ гугъуехьэхэр хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм кьыхэзыщIэтым, спорт зэхьэзэхуэхэм, узыфэ зэхуэмыдэжэм теухуауэ сымаджэщхэм щрагъэкIуэкI «бжэ зэIухэхэм», нэгъуэщIхэми.

Урысей Федерацэм Узыншагъэр хьумэнымкIэ и министерствэм, Профилактикэ медицинэмкIэ лъэпкъ медицинэ кьэхутакIуэ центрым, «Волонтёры-медики» къэралпсо жылагъуэ зэщIэхъеенныгъэм зэгъусэу гъэ кьэс мы махуэхэм ирагъэкIуэкI «Узынышу щыт!» урысейпсо зэхьыхэр. Iуэхум и кьалэн нэхъыщхьэр цIыхухэм я узыншагъэм гулъытэ хуегъэщIынырщ, гъащIэ узыншэ екъэкIыным кьыхуедджэнырщ, абы и хабзэхэм ткIийуэ зэрыретын хуейр гурыгъэIуэнырщ.

Цыхухэм я узыншагъэр егъэфIакIуэным теухуауэ Iэухуэгъуэ щхьэхуэхэр щызэфIах ди республикэми. Узыншагъэр хьумэнымкIэ Iэнатlэм иужьрей илъэсхэм зыужьныгъэфIэ щокIуэкI. Кьыдэжру кьахъэзэфIа лъэныкъэр нэсу кьызэгъэпэщынырщ псом нэхърэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр кьагурыIуэу я Iэнатlэр ирахьэкI дохутырхэм. Ауэ Iуэхур кIуэта щыхъунырщ езы цIыхухэри я узыншагъэр хьумэным жуаулныныгъэ пылъу бгъэдыхьэмэщ. Араущ Узыншагъэмкlэ дунейпсо зэгухьэныгъэм а Iуэхур Iэпэдэгъэлэл ямыщIу зыкIэлIыпльыкъыну псори кьыщыкIуриджэр.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

● Мэлыжьыхьым и 7-р Узыншагъэм и дунейпсо махуэщ

ПсэукIэр зыхуэдэнур зэлъытыжар

МАХУЭШХУЭМ и тхыдэр кьыгуэхупIэ имыIэу епхащ ООН-м и къудамэ щхьэхуэу кьызэригъэпэща Узыншагъэр хьумэнымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм (ВОЗ) лэжьэн зэрыщIидзам. Абы и кьалэн нэхъыщхьэр узыншагъэр хьумэнымкIэ щIыхуэр зыIуу гугъуехьэхэр зэфIэхьнырщ. Зэгухьэныгъэм хэтщ къэрали 194-рэ, и Iэухущ1апIэхэр къэрали 150-м щыIэщ, абыхэм яхэтщ Урысейри.

1948 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м, ВОЗ-м и уставым кьару щигъуэта махуэм, узыншагъэм теухуа япэ зэхьыхэр зэзэрагъэпэщащ, ауэ илъэситI дэкIа нэужьщ ар щхьэхуэу ягъэльэпIэн щыщIадзар. Апхуэдэ щIыкIэкIэ 1950 гъэм мэлыжьыхьым и 7-р Узыншагъэм и дунейпсо махуэу ягъэуващ.

Узыншагъэр хьумэнымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм и жэрдэмкIэ 1995 гъэм щыгъэжьауэ а махуэр щIыхуэр зыгъэгумэщI Iэухуэгъуэшхуэхэм я щхьэхуэхэм щIэту йокIуэкI. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «КъэкIуэнур убзыхун», «Гъэгухэм ышынагъэншагъэр», «ЩIыуэпсым кьыщыхьэу зэхъуэкIынныгъэхэм узыншагъэр щыхьумэн», «Лъы дзуейм уэзырпIэщIэтыныр», «Гъэдэ-бадзэ лIэужьыгъуэхэм кьрахьэкI узыфэ зэрыщIалэхэр», «Ерыскъыпхъэхэм я шынагъэншагъэр», «Фошыгъу узым дытекIэнуц!», «Узыншагъэр хьумэнымкIэ Iэнатlэм щыхуащIэ Iэухутхьэбзэхэм щыху псори кьыщIэгъэубыдэн», «Узыфэ зэрыщIалэхэм пэщIэтыным, ар гъэхъужыным епха Iэухуэгъуэхэм, гъащIэ узыншэ екъэкIыным щIэту йокIуэкI. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «Захуагъэ, узыншагъэ нэхъыбэ зэдэщIэ дуней дахуэнщ» кьыхуеджэныгъэм щIэту.

Узыншагъэм и хьумэныр щыху къэс и кьалэн кьудейуэ зэхэнэжкъым, атIэ ар я пщэрыльщ жылагъуэ, къэрал Iэухущ1апIэхэми, узыншагъэр хьумэнымкIэ Iэнатlэ псоми. Кьалэнышхуэ ягъэзащIэ а махуэм ирагъэкIуэкI Iэухуэгъуэхэм: медицинэм и унэтIныгъэ зэмылIужьыкIыгъуэхэм теухуа семинархэм, конференцэхэм, егъэджэныгъэ Iэухущ1апIэхэм кьыщызэрагъэпэщ зэхьыхэм, узыншагъэр хьумэнымкIэ Iэнатlэм щыIэ гугъуехьэхэр хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм кьыхэзыщIэтым, спорт зэхьэзэхуэхэм, узыфэ зэхуэмыдэжэм теухуауэ сымаджэщхэм щрагъэкIуэкI «бжэ зэIухэхэм», нэгъуэщIхэми.

Урысей Федерацэм Узыншагъэр хьумэнымкIэ и министерствэм,

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Хэку зауэшхуэм хэтахэм я сурэтхэр

Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ Сурэтыщ1 гъуаздджэхэмкIэ музейм мы махуэхэм къыщыгъэуахащ Хэку зауэшхуэм хэтахэм я сурэтхэм я гъэлъэгъуэныгъэ.

УФ-м и Президентым и грантымкIэ фондыр и дэIэпыкъуэгъуу къыдэхагъэ-пэща а Iэху щхьэпэр Хэку зауэшхуэм хэтахэр гъэлъэпIэным, нэхъыжьхэмрэ нэхъыщIэхэмрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIащ.

Музейм и пэшхэм Хэку зауэшхуэм хэтахэм я сурэт инхэр фIэльщ, зэ еплъыгъэкIэ къыпщыхъункIи хъунщ абыхэм зэщхьу хэльыр псоми мэжджыгъыр гъэгъа къудамэ зэрагъгъыр арауэ. Щхьэж и гъэзуанэ къикIужами, ахэр зыхэпсэукIа лъэхъэнэ гуащIэм зэщхь игъэхъуащ. Жьыгъэракъым абыхэм я пльэкIэр хьэлъэ зыщIыр, атIэ я гъащIэм «гъащIэу» щагъэшIкIарщ. Дэтхэнэм дежи укъэувыIэрэ уеплъмэ, я нэгум къищ гупсысэм урахьэжьэри...

«Сыту си насыпу сыхамылъхуарэт а лъэхъэнэм...», - жыбоIэ выставкэм къыщыгъэлъэгъуахэм ущегупсыскIэ. Халъхуахэр-щэ?! Абыхэми я гугъуэу къыщIэкIынукъым апхуэдизи яхуэгъэвыну, ауэ зрихьэлIа гугъуэхьхэм пэлъэщыфащ. ФIыщIэр мыухыжщ! Сэ сызэреплъымкIэ, гъащIэм и плъыфэ псом щыщу фаехэр нэхъыбэу зи нэгу щIэкIа ди нэхъыжьхэм я дежкIэ фIыщIэ псом я щхьэщ дуней мамырыр, гупсысэ узыншэ яIэу къэтэдж щIэблэр.

- Мы пэшым щытлъагъу сурэтхэр ди нэхъыжьхэм я лIыхъужьыгъэм, абыхэм къагъэлъэгъуа къэмылэнджыгъэм и щыхьэтщ. Унагъуэ хъэс Хэку зауэшхуэм хэта я нэхъыжьхэм я сурэтхэр хуэсакъыу щахъумэ. Апхуэдэхэм къапкърыкI хуабагъэмрэ абыхэм я мыхьэнэмрэ иджыри зэ ди фIэщ ящIыжащ нобэ, - жиIащ къыщыпсалъэм КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Карчаевэ Iэминат**.

- Гъэлъэгъуэныгъэм щытлъагъу псом ящхьащ къыткуеблэгъа ди нэхъыжьхэр. Псалъэ гуапэ куэд яжеIэми, сэ дапщэщи къысщохъу абыхэм яхуэфащэ пщIэ, гулъытэ и кIэм нэсу ялъэдмыгъэIэсыфу. Нобэрей махуэм хэпсэукI псоми нэхъыжьхэм я щIыхуэ - «гъащIэ щIыхуэ» - зэрытетлъыр щыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. Жьыгъэм нэхъ дахэ щыIэкъым, псом хуэмыдэу ар жьыщхьэ махуэмэ! Куэдрэ ди ялэ фитыну ди гуапэщ, - захуигъэзащ кърихьэлIа нэхъыжьхэм выставкэм къыщыпсалъэм КъБР-м и Парламентым ЩIэныгъэмкIэ, егъэджэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI **Емуз Нинэ**.

- Мы проектымкIэ, псом ялэрауэ, Хэку зауэшхуэм хэтахэм я щIыхьыр догъэлъапIэ. Налшык ветерану къыдэнэжар цIыху 38-рэщ. Мы зэман хьэлъэм къытхуэзэну тегушхуэ цIыхуи 10-мрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ сурэт ятетхащ, - жиIащ «Умка» клубым и унафэщI Красильниковэ Ольгэ. - Дэ дыззэреплъымкIэ, къуэрылъху-пхъурылъхуэм я гъусэу сурэт зытепхьыным мыхьэнэшхуэ иIэщ. «Унагъуэ сурэтыльэ» проектым ипкъ иткIэ, ветеранхэм я щIалэгъуэ сурэтхэр, иджырейхэр, зауэм къратхыкIа письмохэр, дамыгъэ льапIэхэр зы сурэтыльэм щызэхуэтхьэсащ. Ди проектым и мурад нэхъыщхьэр - ди нэхъыжьхэр дгъэлъапIэну дыхэнэсынырщ. Дэ быдэу ди фIэщ мэхъу гулъытэрэ гуапагъэрэ нэхъыжьыбзфIхэм еттыныр ди къалэн пажэу зэрыщытыр. Абыхэм яхуэтщI пщIэр зылъагъу нэхъыщIэхэм дерс зэрахуэхъунум щэч хэлъхьым.

Гъэлъэгъуэныгъэм кърихьэлIахэм онлайну захуигъэзащ Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщэкlэ ЗэщIэузэда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Налшык къалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Абдуллаев Мустэфа**.

- Хэку зауэшхуэр ди цIыхухэр зыпэлъэщэ гуэзэвэгъуэшхуэщ. Зы унагъуи щы-Iэкъым абы и Iэ щыIэр лъэмыIэсауэ. Дэ дыщыпсэу лIэщIыгъуэм куэдым зыщIыхъуэжащ, щIэ куэд къыхьхьащ, ауэ дапщэщи ди лIыхъужьхэм я щIыхьыр тхъумэн, абыхэм яхуэфащэу дыпсэун хуейщ, - жиIащ Абдулаевым. Къэпсэльам фIыщIэ яхуищIащ Iэхэр жэрдэм зыщIэхэмрэ зи гуапэ хэзыльхьахэмрэ.

Сурэтхэм къищынэмыщIа, выставкэм щыплъагъунущ 115-нэ шуудэм и цIэкIэ щыIэ къэлъыхъуакIуэ гупым къагъэтыжа зауэлIхэм я хьэпшыпхэр.

Зауэм хэтахэм я сурэтхэр OneLightStudio Iэхуищ1апIэм щытрахащ, проектым хэтащ сурэттехэу Сенич Михаил, Жулин Виктор, АбытIэ Хьэлимэт. Нэхъапэкlэ трахауэ я сурэтхэр выставкэм къыщызыгъэлъэгъуахэм яхэтщ ди редакцэм и сурэттех Iэзэ Къарей Элини.

Республикэм и артист ныбжьыщIэхэм я уэрэд, къафэ дахэхэмкIэ гъэлъэгъуэныгъэм кърихьэлIахэм я гукъыдэжыр къалэтащ.

Мэлыжьыхьым и 18 хъуху екIуэкIыну выставкэ телъыджэм феплъыну Iэмальф1 фиIэщ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Адыгэ псалъэзэблэдз

«Ажэгъуэмэ»

ЕкIуэкIыу: **13**. Зи бзий цIыкIуэр шыдудзым ейм ещхь, гуэрэн зэрыIыгъ Iуву къэкI удз (свиной ор ой пальчатый). **14**. Гъатхэм пасэу, уэс телъу къыхэкI удз гъэгъа (подснежник). **15**. Мэз щIагъ жьауэм къыщыкI, тхьэмпэ бгъуэшхуэ зиIэ удз. **18**. Хужьу гъагъэ жыг, джэш жылэм ещхь къуэзыпыкIэ. **19**. Жьыум хужьым къыщIахуа шагъыр. **20**. Шэм ещхьу къыщIэжу, асу дыдж зыщIэт удз (молокан). **21**. Банэ зытет удзыжьхэм ящыщ (осот). **22**. Къамыл зэIуща. **23**. Зи цIэр нарт хъыбарыжьхэм къыхэщ жыг быдэ. **28**. Илъэс куэдкIэ къэкI удз лъэпкъ, и пкъыр занщIэу, и бзийхэр бгъэуэ (ковыль). **29**. Хадзэхэкl. **30**. Жыг лIэужьыгъуэ, и пхъафэр гъуабжэ-фIыцIафэу, пхъэмыф трищIэу (пробковый вяз). **31**. Зи пхъафэ щхъуантIэ-хужьыфэр мащIэ къызытепщIыкI жыг лъэпкъ (хмелеграб обыкновенный). **33**. Бэракъ. **35**. Зи щхьэкIэр бажэкIэм ещхь, пасэу гъуж удз (костер мягкий). **36**. Жыгей жылэ. **38**. Зи щхьэкIэм гъашэшхуэ къыпыкIэ, псыпцIэ Iуфэхэм къыщыкI удз. **40**. МэкъупIэхэм къыхэкIыкI мэракIуэ лIэужьыгъуэ. **43**. Зы гъэкIэ фIэкI къэмыкI, зи тхьэмпэхэр ин, цIынэ икIи Iув, хущхъуэу къагъэсэбэп удз (настурция). **44**. Дахэу гъагъэ, иIэгъэ плъыжьыфэ къызыщIэж удз (бальзамин). **45**. Жыг лъапIэ лIэужьыгъуэ, гъэмахуи щIымахуи и тхьэмпэхэр щхъуантIэу (самшит). **46**. УIэгъэм тралъхьэ удз (портулак огородный). **50**. Сэхуран лъабжьэм кIэрыпщIэурэ зыгъэгъу къэкIыгъэ (заразиха). **53**. МэракIуэ фIыцIэ къызыпыкIэ гъурц (ежевика). **55**. Хьэкъырш лIэужьыгъуэ (жеруш-ник). **58**. Зи тхьщIэ пльыжьым фIыцIэ зэпрыдз иIэ щIыв цIыкI. **59**. Жьыхапхъэ ящI чыцэ. **62**. Мэз балий къызыпыкIэ жыг. **63**. Уэздыгьей лIэужьыгъуэ (тис). **64**. Хадзэхэкl. **65**. Куэншыбыпlэхэр фIыуэ зыльагъу хадзэхэкl. **66**. МыхъумыщIагъэ, цIапIагъэ зыщIэм ирах. **70**. Илъэс зыбжанэкIэ къэкI удз, хужьу е плъыжьыфэу гъагъэу, мэ гуащIэ къыпихыу (тысячелистник обыкновенный). **71**. ТхьэлъэIу зыхуищIынум трИуэ, цIыхум езым и пщэм дилъхьэжь. **72**. Псы къабзэхэм фIэкIа хэмыс бдзэжьей. **74**. Зэрыджэ Iэрамэм ещхь пхъэщхьэмыщхь къызыпыкIэ жыг (рябина). **77**. Пхъэщхьэмыщхь къызыпыкIэ жыг. **78**. Жэгундэ зытета хьэсэ. **85**. Ублэпщ щыхьу щыпIэ. **87**. Тропик щIыпIэхэм къыщыкI жыг лIэужьыгъуэ, и пхъафэр хущхъуэу, шхынхэлъхьэу къагъэсэбэпу (корица). **88**. МэкъупIэхэм, гъавэ щIапIэхэм къыщыкI удз банэ (дурнишник игольчатый). **89**. Зи льэгум пхъэбгъу иIулIам унэ. **93**. Зи пхъафэ Iувым пробкэ къыхащIыкI жыг. **94**. Куэншыбыжьхэм, мэзхэм уэшх нэужьым щыбагъуэ къэкIыгъэ. **96**. Хьэсэ яутIыпщыжа, гъавэ зытрамысэж щIы. **97**. КъызэроIуэсу къыпкIэрыпщIэ удзыжь (щетинник). **99**. Бжэныхъу мысэкIа. **101**. Адыгэм куэд щIауэ къагъэкI гъавэ лIэужьыгъуэ (гречиха). **102**. Зи тхьэмпэ фIэIуэхэр пшхы хъу удз. **103**. Нэм илъагъуу шэч зыхэмылъыж. **104**. Зи гъэгъар пыщэщыжа нэужь зезыгъэзыхыу щIым хэкIэж къэкIыгъэ (арахис). **107**. Хадзэхэкl. **108**. Зи тхьэмпэ нэзхэм банэ щIыкIу тет удзыжь (чертополох). **109**. ХьэщIэр щрагъэблагъэ унэ хэха. **110**. Кулпкъ зиIэ пхъэщхьэмыщхь. **111**. Арджэн къызыхащIыкI къамыл лIэужьыгъуэ. **112**. и Къамылым ещхь, шэдыпIэхэм къыщыкI къэкIыгъэ (тростник). **117**. Гъэжьу гъагъэ удз, хущхъуэу къагъэсэбэпу, лъэдий быдэу (зверобой). **118**. Гъэ куэдкIэ къэкI, бжьэхэм фо къызыпах удз, гъатхэкIэм гъагъэу (вязель корончатый). **119**. Илъэс бжыгъэкIэ къэкI къэкIыгъэ, и пкъыр ку гъуанэу, и лъабжьэм щIым телъу зиубгъуу (ситник развесистый).

Къехьу: **1**. Фо зыщIэт без Iыхьэ. **2**. ЩIыпIэ псыIэхэм къыщыкI бгъэн лIэужьыгъуэ (осока). **3**. ИльэситкIэ къэкI удз, мэзхэм нэхъ щыIэу, и льагагъэр метри 2-м нэсу (борщевик). **4**. Хадзэхэкl. **5**. Илъэс куэдкIэ къэкI, лъабжьэ зиIэ, хущхъуэу къагъэсэбэп тхьэрыкъуэф (мать-и-мачеха). **6**. Хадзэхэкl Iэфl. **7**. Гъурц лIэужьыгъуэ, къабзийм ещхьу тхьэмпэ цIыкIу куэду тету (аморфа, крутик). **8**. Мэ гуакIуэ къызыпих удз, псыхъуэхэм, псы Iуфэхэм къщыкIыу (мята длинолистная). **9**. Пкъы мызагъэ, зэраншу. **10**. Зи пкъыр лантIэ, тхьэмпэ псыгъуэ кIыхь зыпыт жыг. **11**. Губгъуэ бжьыныкъу. **12**. ЩыпIэхэ тхъурымбэ къззыщI, мэ гуакIуэ зиIэ удз (мята водяная). **16**. Нартыху зытрахыжа хьэсэ. **17**. Пхъэщхьэмыщхь къызыпыкIэ жыг. **24**. Хадзэхэкl. **25**. ЗыкIуэцIылъ сэмбри езыри плъыжь, пшхы хъу, хущхъуэу къагъэсэбэп къэкIыгъэ (физалис). **26**. Къущхьэхъум къыщыкI, щхъухь зыхэлъ удз (чемерица). **27**. Пхъэщхьэмыщхь. **32**. Зи къуэпсыр пшхы хъу удз сыр (свербига восточная). **34**. Жыг лъэкIыхь, гулъэгу, чеибжьэ къыхащIыкIыу (карагач). **37**. ЦIыкубз пыIэ. **39**. Iусыпхьэу къагъэсэбэп мэш лъэпкъ (магар). **41**. Шхын щагъэхьэзыр, щышхэ пэш щхьэхуэ. **42**. Ильэсипл1 ди ныбжь ышIэ. **47**. Псы Iуфэхэм, псыпIэхэм къыщыкI, лъагэу дэкIей къэкIыгъэ, лъэдийр ку гъуанэу. **48**. Удз Iув, зэщIэкIэжа. **49**. Зи пкъыр занщIэу дэкIей, хужьыфэу е гъуэжьыфэу гъагъэ удз (жабрица). **51**. Мэ дахэ зиIэ гъэгъа къызыпыкIэ жыг (сирень). **52**. Псыблэ бзаджэ, щхъухь зезыхьэ (угорь). **54**. Мэш зытелъахьэсэ. **56**. ЗэкъызыпымыкIэ зей жыг лъэпкъ (свидина). **57**. Зыгуэр ираду къагъэсэбэп зэIуща псыгъуэ. **58**. НапIэзыпIэ. **60**. ЩIэп лъэпкъым къызыщыкIа щэкI кIуэрэ. **61**. ХьуаскIэ къызыхих мывз. **67**. Гъурц лъагэ, и пхъафэр хужьыфэу, щабэу, и тхьэмпэхэр хъурейуэ (гордовина). **68**. Уи Iур зыхул пхъэщхьэмыщхьэ фIыцIэ къызыпыкIэ жыг лъахъшэ. **69**. Уэлбанэрилэ щIпIэм къыщыкI, мэ дахэ къыкIэрихыу къагъагъэ, жылэ хъурей зыщI къэкIыгъэ (конские бобы). **70**. Илъэс бжыгъэкIэ къэкI, джэшым ещхь удз (вьюнок полевой). **73**. Жьыр лъэшэ, Iэрамэ плъыжьу пхъэщхьэмыщхьэ къызыпыкIэ. **75**. Ху лъэпкъыгъуэ. **76**. Удзыжь лъэпкъ, и щхьэр пльыжь дахэу гъагъэу, хьэцэпэцэхэм къыхэкIыкIыу (дурнишник). **79**. Тхьэмпэ зытемыт лъэнтхъуий (повилика). **80**. Хадзэм щагъэкI удз, ерыскъым, фIэIугъэхэм халъхьэу. **81**. ЛIэужьыгъуэ зыкъом хъу, мэкъупIэхэм, мэз лъапэхэм къыщыкI удз, Iэщым мыхьэмыщх ящIу (коровяк). **82**. Нартыху щхьэкIэм къыдидз гъэгъа. **83**. Щиху лъэпкъыгъуэ. **84**. Щхьэмыж зыщI гъавэ къэкIыгъэхэр къызэщIэзыубыдэ псалъэ. **86**. Псы къызраш кумб куу. **90**. Ильэс зыбжанэкIэ къэкI удз хущхъуэ, мэкъупIэхэм, мэз лъапэхэм ущрихьэлIэу (валерианка возвышенная). **91**. Дзэл дэгу (ива волчниковая). **92**. Бжьэхэм фо къызыпах, хущхъуэу къагъэсэбэп удз (шалфей). **95**. Удз Iэрысэ, и лъабжьэр бжьыныхущхьэм ещхьу (гладиолус). **96**. Розэ Iэрысэр къызытрагъэхъуКIыжа къуацэчыцэ. **98**. Мэ гуакIуэ къыпихыу гъатхэм мэз щагъэхэм къыщыгъагъэ удз (ландыш). **100**. Дзэлым зэрелззэ хъущхъуэ къызыхащIыкI удз (белена чёрная). **105**. Жыгым пхъэщхьэмыщхьэ къыщыпымыкIэ ильэс. **106**. Щхъухь зыхэлъ къэкIыгъэ (волчье лыко). **113**. Къыпцl э хъурей лъэпкъ. **114**. ЛIэужьыгъуэ зыбжанэу игуэш губгъуэ удз, Iэщым фIыуэ яшхыу, хущхъуэу къагъэсэбэпу (гречишник. горец). **115**. КъэкIыгъэр Iэмал имыIэу зыхуей. **116**. КIыхьу дэкIей, зи кур гъуанэ удз (вехэ ядовитый).

ПСОУН Жыраслъэн.



«Нарткъалэр» къыхэзылъхьар

● ГукъэкIыж

Къзбэрдей-Балъкъэрыр илъэсищэ щрикъу зэманым ирихьэлIэу тхыдэм теуухуа псалъэмакъ куэд кърахьэжьащи, сэри зы гукъэкIыжкIэ сынывдэгуэшну сыхуейт.

СЭ ТХАКIУЭ цIэрыIуэ ХьэхъупащIэ Амырхъан срикъуэрылъхущ. Еянэ классым сыкIуэрт, си адэшхуэр дунейм щекIжам. СощIэж: пщIэ къыхуащIу махуэшхуэхэм ирагъэблагъэрт, и псалъэ Iущхэм къедэIуэну я гуапэт. Латвием и къалащхьэ Ригэ Совет Союзым и тхакIуэхэм я зэхуэс щекIуэкIыу. КIыщокъуэ Алим, ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр сымэ ящIыгъуу хэтауэ щытащ. Къечэнджэщыр куэдт, и псалъэр яльытэрт.

Мы тхыгъэр ныщIезгъэхьым и щхьэусыгъуэр Докшукинэ Iущ1 гъуэгу къэувыIэпIэу щытам Нарткъалэкlэ еджэ щIэхъуар аращ. Зэгуэрым, егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэ цIыкIухэмрэ, къулыкъущIэхэр яхэту, зэIущIэ екIуэкIырт. Амырхъан ирагъэблагъэти, къыщагъэпсалъэрт, упщIэхэр куэду къратырт. Иужьым, зылI къэтэджри, зыкъыхуигъэзащ: «Амырхъан, Дохъушокъуэхэ пщы лъэпкъыу зэрыщытам къыхэкIыу, я цIэр ямыдэу мы къалэм нэгуэщI фIащын хуэйуе къалъытэри, уэ сыт хуэдэ уи Iуву епльыкIэр?» «Нарткъалэ» фIэпщ хъунущ», - жиIащ Амырхъан, куэдрэ мыгупсысэу.

А зэманым сэ илъэс зыбгъупщI сыхъуу арат - зэIущIэм хэтахэр сцIыхуртэкIым. «Нарткъалэр» цIэуэ фIащын папщIэ, сыт хуэдиз зэман дэкIыжами сыщыгъуаззэкIым. Ауэ си адэшхуэм и гупсысэ яхилъхьауэ зэрыщытар сощIэж.

ХЬЭХЪУПАЩIЭ МуIэед.
Къэхъуну къуажэ

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Иджыри пасэщ

● Узыншагъэ

Сыт хуэдэ Іуэхуми уесэжыр пэжу къыщІэкІынущ. Илъэсым щІигъуауэ цІыхуцІэ зиІэр зыгъэгулэз узыфэ зэрыцІалэр тщхьэщыкІын Іуэху иджыри зэрихуэркъым, ауэ шынэнри сакъынри зэраужэгъуам, гьатхэмрэ дыгъэмрэ я псэр зэрыхуеІэм и нэщэнэщ тлъагъур: нэхъыбэм нэкІуІулъыр Іуахыжащ, гуфІэгъуэ-гуэзвэгъуэм теухуауи нэхъ зэхыхьэ хъужащ.

КЪЭРАЛ ущыпсэур щыкъутэкІэ, экономикэ, политикэ Іуэху хьэлъэхэр къыщежьэкІэ, тыншыгъуэ ущымыгугъыж жыхуаІэращи, 1985 гъэ лъандэрэ ди цІыхухэм куэд я нэгу щІэкІащ, ауэ, зауэрэ гъаблэрэ щымыІэмэ, адрей псори тшэчынщ, жызыІэу щьта ди нэхъыжьхэм ещхь дыхъужауэ дыкъэкІуэкІыурэ, коронавирусыр ди гъэщІэм къыхьхьащ, игъуэ нэмыс абы ищІахэм дигу яхупихрэ, ди щхьэкІэ къыптэплъэр зэрыдмыщІэм дигъэгузавэр.

Зыгуэрхэм жаІэ мы узыфэр псэущхьэхэм къыптхуахьауэ, хэти трегъэчныныхь лабораторэм къыщІэкІауэ. Абы и пэжыпІэр дэ иужькІэу къыщІэкІынщ къыщытщІэнур, ауэ коронавирусыр езырезыру къэхъуами е Іэрыщіми, сэ абы зыкІэ сыхуэарэзыщ – сабийхэм зэран зэрахуэмыхьуам папщІэ.

Политологэм зэрыжаІэмкІэ, пандемие нэужьым зэхъуэкІыныгъэшхуэхэр къэхъу, уеблэмэ тхыдэм и лъэхъэнэщІэм ухишэу. ЦІыхуцІэ зиІэм зиужьыныр, нэгъуэщІ лъэхъэнэм хьыхьэнур зауэм е уз зэрыщІалэм ехпауэ жаІэми, мымыри къэхъуфыну къыщІэкІынт ар, Іэмал ираты хьхэмэ. Ауэ зауэми уз зэрыщІалэ къежьэнми цІыху гуп пыухыкІам я ефдэшхуэ хэльщи, ахэр напэмрэ гущІэгъуэмрэ къыхуебджэнри бгым джэдыкІэкІэ уеуэнри зэрызэщхьэщыкІ щыІэкъым.

Ди тхыдэ гъунэгъум урипльэжмэ, ЯпэдунейпсоЗауэм къыздихьа уз зэрыщІалэм, «испанкэ» зыфІащам (фІеймрэ зэуапІэм Іут цІыхухэр къулейсыз зэрыхъуамрэ къыхэкІауэ) ильэсрэ мазитхукІэ цІыхухэр «щІихьыкІащ», щэ къэщІэрэщІжурэ. Мелуан 550-рэ сымэджауэ, мелуан 50-м щыщІэдзауэ 100-м нэс илыкІауэ жаІэ, бжыгъэ къагъэлъагъуэкэр зэтехуэрыкІ.

ЕтІуанэу дунейр зэщІэзыштар «Гонконг пыхуэсыху» зыфІащаращ. 1968 гъэм теухуауэ ар, щыкІуэдыжари цІыху мелуани 4-м нэс здихьа нэужьщ. ТІум щыгъуи вакцинэ щыІакъым, куэдым ар ящІэкІри, узым пщІэтыфэ хъуауэ аращ.

Иджы вакцинэ щыІэщ, ауэ ар зыхаІуари сымэджакэри мащІэщи, узым «и къару илъыгъуэщ». Гьатхэ лъэкІамПІэ жыхуаІэращи, арыншами цІыхухэр къаруунэщ, унэм щІэсыри ауэжгъуащи, зыщагъэпсэхуи къалъхьуэ, шынэри ящыгъупщэжауэ. Абы уз зэрыщІалэр къигъэщІэрэщІэжьынкІэ шынагъуэщ. Вице-премьер Голиковэ Татьянэ иджыблагъэ зэрыжиІащи, щІышылэм елъытауэ гьатхэпэм ІІар процент 14-кІэ нэхъ мащІэщ, ауэ мэлыжьыхь - накъыгъэ мазэхэм «къеШынэуэжьынкІэ» шынагъуэ щыІэщ. Аращ, сыт хуэдизкІэ дримыгъэшами, дыхэльэдэж щІэмыхьунур. Мастэ зыхэзыгъэІуахэмрэ сымэджакуэ «антитела» жыхуаІэр зиІэхэмрэ нэхъыбэ зэрыхъум елъытауэщ узыфэр зэрикІуэтынур.

● Къэрал Іуэху

ЛэжьапІэншэхэм зэрадэІэпыкъунур

ЛэжьапІэ зыфІэкІуэдахэм тыншу зрагъэтхыф зэрыхъуам къару иІэнущ бэдзэуэгъуэм и 31-рэ пщІондэ. Уз зэрыщІалэм къаригъэгупсыса Іэмалщ «Центр занятости» Іуэхущ ІапІэм умыкІуэу интернетымкІэ зэрызебгъэтхыфыр. «Работа в России» порталым лэжьапІэншэхэм зыщрагъэтхыфынущ, пособие щІэлъэІуэхэм - къэрал хуэІуэхущІэ порталым дэтхэнэми щиІэ кабинетымкІэ.

УФ-м и Правительствэм иджыблагъэ игъэбелджылащ лэжьапІэншэхэм нэхъыбэ дыдэу ират пособиер. Ар нэхъ зыхуэгъэзар Іуэхущ ІапІэр зэхуащІыпэу къыуагъэкІахэр, лэжьакІуэхэр ягъэмащІэу ІэнатІэншэу къэнахэр, сабий зыгъуэтауэ щыс бэлъхъугъэхэмэрщ.Къапщтэмэ, ялэу къедбжэкІахэм ялэ мазищым иратын хуейщ щылэжьам ику иту щату щыта улахуэм хуэдиз. КъыкІэлъыкІуэну мазэ ялІанэм щащІэдзауэ мазих ирикъуху иратынущ лэжьапІэншэхэм я пособием хуэдиз, итІанэ лэжьапщІэу иІам и процент 60, ауэ сом мини 5 мынэхъыбэ.

ЛэжьапІэншэм ират пособие нэхъ иныр сом 12 130-рэ мэхъу, нэхъ мащІэ дыдэр - сом 1500-рэ. ЦІыхухэм ахъшэ ират лэжьапІэншэу зыщрагъэтхам щыщІэдзауэ. Ялэ мазищым - улахуэу иІам и процент 75-рэ, ауэ сом 12 130-рэ щхьэдэмых, къыкІэлъыкІуэ мазищым – процент 60,ауэ сом мини 5-м мынэхъыбэ.

● Каратэ

Дунейпсо чемпионатым кІуэнухэр

«КёкусинКайкан каратэмкІэ урысей лъэпкъ федераціе» урысейпсо физкультурэ-спорт жылагъуэ зэгуэхьныгъэм иригъэкІуэкІащ ката/кумитэ ІІэуэжьыгъуэмкІэ къэралым и зэхьэзэхуэрэ чемпионатрэ. Къэзан къалэм щІэзэхэта зэпэщІэтыныгъэм къыщыхахащ 2022 гъэм и мэлыжьыхьым Японием щекІуэкІыну дунейпсо чемпионатым Урысейм и командэ къыхэхам хэту щызэуэнухэр.

ПСОРИ зэгъуэсу зэхьэзэхуэмрэ чемпионатымрэ зыкъыщагъэлъэгъуащ Урысейм и щІыналъэ куэдым къикІа спортсмен 350-м нэблагъэ. Каратист 11 хьууэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ кІыхэхам Къэзан къыщихьащ медаль зэмылІэужьыгъуэ 11.

Я ныбжьрэ я хьэлъагърэ елъытауэ зэщхьэщыха гупхэм урысейпсо зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щаубыдащ Сомгъур Мухьэрбэч, Гажонов Аскэр, Джантуев Аднан сыхьэ. Бэрэгъун Ахьмэд, Цыганков Кирилл, Дыщэкі Алан етІуанэ хъуащ. Домбеякъ медалыр къихьащ Акбулатовэ Наидэ.

Урысейм и чемпионатым дыщэ медалыр щызыІэригъэхьащ Думэныщ Мурат. Калабеков Исмэхьилрэ Чыржьын Луизэрэ дыжьын медалхэр къахьащ.

Къагъэлъэгъуа зэфІэкІхэм ялъэ иткІэ Урысейм и командэ къыхэхам хагъэхьащ КъБР-м щыщхэу Думэныщ Мурат, Калабеков Исмэхьил, Чыржьын Луизэ. Ахэр хэтынущ Японием щекІуэкІыну дунейпсо чемпионатым.

КЪЭХЪУН Бэч.

Зыри зылъэщІэмыхьэжыфынухэмрэ къыкІэрыхупахэмрэ

● Футбол

ДызыхуэкІуэ зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм еух Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ 2021 гъэм и щІымахуэ чемпионатыр. Абы иріхьэлІэу зэхэкІащ зэхьэзэхуэм и саугъэт лъапІэхэр зыІэрыхьэнухэри гуп нэхъыщхьэм хагъэкІынухэри.

ИЛЪЭС етІуанэ хьууэ щІымахуэ чемпионатым щытекІуэ Бахъсэн и «Автозапчасть»-м и къалэныр игъэщІэу зэбгрыкІыжауэ фэ тетщ. Армырамэ, дауэ къыздэсыгъуІуэнур «ИслъэмейМ» дэджэгуну иужь зэІуцІэм ар къызэрымыкІуар?! Фигу къэдгъэкІыжынщи, мылъкукІэ зыкъыщІэзыгъэкъуэн зэримыІэжым къыхэкІыу «Автозапчасть»-р нэгъабэрей гъэмахуэ зэхьэзэхуэм хэтакъым.

Дыжьыныр Іэрыхьа хуэдэщ гуп нэхъыщхьэр зыбгынэ «Ансар»-м бжыгъэшхуэ дыдэкІэ ефІэкІа «Мурбек»-м. Абы и хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэу щыта «Шэрэджвр» Шэджэм ЕтІуанэ къызэжм и командэм къыхихыгъэщІащи, иджы зыщІэбэныгъэ домбеякъ медалращ. Ар и хьуэпсапІэщ «Тэрчми».

Турнир таблицэм и кІэух увыпІэхэми Іуэхур щызэхокІ. Джэгугъуищ хьауэ зэІущІэхэм къримыхьэлІэж «Маисэм» гъусэ хуэхъуащ Налшык и «Ансар»-р. А тІур занщІэу гуп нэхъыщхьэм хагъэхІынущ. ЕпщыкІупІанэ увыпІэр зыубыда Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и студентхэмрэ епщыкІущанэр зылъысынымрэ (зэкІэ абы нэхъ пэгъунэгъур «ХьэтІохъущІ-къуейращ») зэпэщІэуэ зэІуущІэхэр къапэщылъщ. КъБР-м футболымкІэ и щІымахуэ зэхьэзэхуэм и япэ дивизионым ещанэ-еплІанэ увыпІэхэр къыщызыхьухэм ахэр еныкъуэкъун хуейщ гуп нэхъыщхьэм къыхэнэн папщІэ.

Иужь джэгугъуэм и командэр щымыджэгуами, гъуащхьауэзэм я зэпеуэм бжьыпэр зэрыщиІыгъщ «Автозапчасть»-м и пашэ Къуэжей Азэмэт. Абы къыкІэлъокІуэ «Ансар»-м и пашэ Тамаев Аланрэ «Малка»-м и гъуащхьауэ ШащІэ БесЛъэнрэ.

Адэкіэ фыщыдгъэгуэзэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и щІымахуэ чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэм кърикІуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: «**КъБКъУ**» (Налшык) - «**Маисэ**» (Налшык) – **3:0** (мыджэгуауэ), «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - **0:3** (мыджэгуауэ), «**Мурбек**» (Налшык) - «**Ансар**» (Налшык) – **6:0**, «**ХьэтІохъущыкъуей**» (ХьэтІохъущыкъуей) - «**Бабугент**» (Бабугент) - **1:3**, «**Тэрч**» (Тэрч) – «**Малка**» (Малкэ) - **3:0**, «**Шэджэм-2**» (Шэджэм ЕтІуанэ) - «**Шэрэдж**» (Старэ Шэрэдж) - **1:0**, «**Спартак-Д**» (Налшык) - «**Шагъдий**» (Зекиікуэ) - **8:0**, «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - «**Инал**» (Къэрэгъэш) - **2:0**.

КъыкІэлъыкІуэ джэгуГуэм щызэІущІэнущ: щэбэтым - «Ансар» - «Тэрч», «Ислъэмей» - «Кэнжэ», «Шэрэдж» - «Автозапчасть», «Инал» - «Мурбек»; тхьэмахуэм - «Маисэ» - «Спартак-Д», «Бабугент» - «Шэджэм-2», «Шагъдий» - «ХьэтІохъущыкъуей» командэхэр. Нэхъ пасэу зэхэта «КъБКъУ» - «Малка» зэІущІэм куэаждэсхэр 7:0-у щытекІуащ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ 2021 гъэм и щІымахуэ чемпионатыр зэрекІуэкІыр						
Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Автозапчасть»	14	12	1	1	47-9	37
2. «Мурбек»	14	10	2	2	35-10	32
3. «Шэрэдж»	14	9	2	2	28-17	29
4. «Тэрч»	14	8	5	1	21-10	29
5. «Кэнжэ»	14	8	0	6	25-18	24
6. «Спартак-Д»	14	7	2	5	28-12	23
7. «Малка»	15	7	2	6	32-26	23
8. «Бабугент»	14	5	5	4	24-21	20
9. «Инал»	14	5	4	5	22-24	19
10. «Шэджэм-2»	14	5	2	7	18-22	17
11. «Ислъэмей»	14	5	2	7	15-20	17
12. «Шагъдий»	14	4	5	5	23-33	17
13. «ХьэтІохъущыкъуей»	14	4	2	8	16-33	14
14. «КъБКъУ»	15	3	1	11	16-46	10
15. «Маисэ»	14	2	0	12	16-30	6
16. «Ансар»	14	1	1	12	16-51	4

● Жылагъуэ

Къулейсызыгъэр яхуэгъэкІуэдыну?

УФ-м и Къэзыбж палатэм и унафэщІ Кудрин Алексей и жэрдэмыр къыдащтэмэ, къулейсызыгъэр ягъэмэщІэным теухуа лъэбакъуэщІэ ди къэралым щачыфыну къыщІэкІынущ. Абы къыхилъхьащ сабий змыІэ унагъуэ къулейсызхэм ядэІэпыкъун хуейуэ.

КЪЭЗЫБЖ палатэм къызэригъэлъэгъуащи, 2014-2018 гъэхэм унагъуэ къулейсызхэм къэралыр зыкІи ядэІэпыкъуакъым. Упсэун папщІэ я нэхъ мащІэу узыхуеинум хуэдиз унагъуэм щІэс дэтхэнэми хуэзэу къаІэрымыкъэмэ, ахэр къулейсызу ябж. Апхуэдэ щытыкІэм а гъэхэм итащ ди цІыхухэм я процент 20-р. Кудриныр жеІэ сабий змІэми зимыІэми ядэІэпыкъун хуейуэ. Псалъэм папщІэ, упсэун щхьэкІэ я нэхъ мащІэу уиІэн хуейуэ мы гъэм ягъэбелджыла сом 11 653-м къэралым пособие къыдащІыгъуэ, къулейсызхэм я бжьыгъэм хагъэщІыфыну кьелъытэ жэрдэмыр зейм. Абы жиІащ Іуэху къыхаплъхьар Правительствэм и деж зэрынагъэсар, хэплъэу унафэ кІащтэфын хуэдзу.

Президентым игъэуба кьалэнхэм ящыщт 2024 гъэм ирихьэлІэу къулейсызхэм я бжьыгъэр процентым 6,6-м нэгъэсын зэрыхуейр. 2018 гъэрат ар къыщыхилъхьар, ди цІыхухэм я процент 13,2-р тхьэмыщкІэу властым къыщилъытам. Нэгъабэ а пІалъэр 2030 гъэм ягъэІэпхъуащ, уз зэрыщІалэр къежьэу куэдым лэжьапІэр щафІэкІуэдым. Абы щыгъуэм ильэси 3 - 7-м ит сабийхэм ахьшэ ирату зэраублар унагъуэ куэдым сабэп яхуэхъуащ. Къапщтэмэ, мэлыжьыхьым и 1-м щыщІэдзауэ а пособиер, унагъуэм и псэукІэм елъытауэ, щыналъхэм цІыхуэр псэуфын папщІэ я нэхъ мащІэу яІэн хуейуэ ягъэбелджылам и процент 50-рэ,75-рэ, уеблэмэ процентри 100 хъунущ. Пэжщ, апхуэдэ ахъшэ къуатын папщІэ унагъуэм езым къемыпха щхьэусыгъуэкІэ хэхъуэ иужьрей мазэ 12-м имыІауэ щытыпхъэщ, иІамэ - пособие къыхудыщІагъунукъым. Ахъшэ къратыныр елъытащ унагъуэм бгъэдэлъ мылъкуми: фэтэр, щІы, дачэ, машинэ, гараж, банкым хэлъ гъэтІылъыгъэ. СызэрелпІымкІэ, иужьрейращ мылъку зэраІэм и нэщэнэу къэплъытэ хъунур, ари сом бжьыгъэ хэлъым елъытауэ. Унагъуэ куэд щыІэщ зыщІэсынрэ машинэрэ яІэу, ауэ ахэр зехьэныкъэ яшхынщатІэгъэныкъэ трагъэкІуэдэныкІэ я Іуэхур мыщІагъуэу. Ар кьыхэкІынкІэ хъунущ пенсэм зэрыкІуам, лэжьыгъэр зэрыфІэкІуэдам е улахуэр зэрымыхьэнэншэм. ЦІыхур кулейсыз зыщІ щхьэусыгъуэкэр бгъэкІуэдмэ мынэхъыфІу пІэрэ, Іэрыщіу кьулейсыз пщІам узэрыдэІэпыкъун Іэмал къэплъхьэж нэхъри?

Росстатым кьет 2020 гъэм и етІуанэ ильэс нЫкъуэм цІыху мелуан 18,8-рэ къулейсызу диІауэ (цІыхухэм я процент 12,8-р). Абыхэм мы гъэми яхэщІыну къыщІэкІынукъым лэжьапІэ зэрыгъуэтыгъуейм, цІыхур зыхуеинкІэ хъуну псоми я уасэр зэрыдзуеям, пенсэмрэ улахуэмрэ зэрымащІэм тепщІыхьмэ. Аращи, «дэІэпыкъуэгъу псынщІэ» хуэныкъуэ ди цІыхухэм я дежкІэ Кудриным и жэрдэмри Іейтэкъым, Правительствэр абы еуваІэтэмэ.

● Зыплъыхьакіуэхэр

Гъуэгуанэр щагъэпсынщІэ

Зызыплъыхьыну, зызыгъэпсэхуну хуейхэм я гъуэгуанэр щагъэпсынщІэным теухуауэ я къагупсысащ «зы билеткІэ» зыфІаща Іуэхур. Ар ирагъажьэ мы мазэм и 30-м. Ялэу «зы билетыр» къагъэсэбэпыфынущ Абхъазым кІуэхэм.

ГъатХЭПЭМ и 26-м ящэу щІадзащ а республикэм зэрыкІуэну билеткэр. ЗэрытщІэщи, Абхъазым зыщыбгъэпсэхуныр зэрымылъапІэм и фІыщІэкІэ, абы зэрынагъуэу куэд макІуэ. Иджы нэхъри тезыгъэгушхэнщ щІыхухэр Адлер зэрынэсыну кхъухьлатэр, мафІэгур, автобусыр зэманкІэ зэпэгъунэгъу зэращІар, зы транспорт лІэужьыгъуэм къикІрэ нэгъуэщІым итІысхьэу. А щІыкІэм тету я ахъшэри зэманри зэгъэзэхуа мэхъу.

«Зы билеткІэ» укІуэфрынущ Абхъазым и къалитхум - Гагрэ, Пицундэ, Гудаут, Афоныщ ІэнатІэ, Сыхъум. Псалъэм папщІэ, Адлер кьыщыщІэдзауэ Гагрэ нэс сом 458-рэ и уасэу аращ.

Гъэмахуэм ирихьэлІэу «зы билетым» хуагъэкІуэнущ Кьрымырэ Алтайрэ. Фигу къэзгъэкІыжынщ апхуэдэ билеткІэ цІыхухэр щымахуэм іуащхьэмахуэ ІлапэІ кьыізэрыкІуэфар.



«Махуэкум» и къыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШИРДИЙ Маринэщ.**

● Самбэ

Медаль зэмылІэужьыгъуи 8

Налшык дэт Универсальнэ спорт комплексым щекІуэкІащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм самбомкІэ нЫбжьыщІэхэм я зэхьэзэхуэ. Я хьэлъагъэ елъытауэ зэщхьэщыха гуп 18-м щыбэнащ спортсмен 200-м щІигъу.

МАХУИТІКІЭ екІуэкІа зэпэщІэтыныгъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортменхэм медаль зэмылІэужьыгъуи 8 къыщахьащ. Дзэгъэл Камиллэ, Бесльэней Темырлан, Арутюнян Анатолий сымэ ящэ увыпІэхэр яубыдащ. Абыхэм кьакІэлъокІуэ Щад Алимбэч. Домбеякъ медалхэр зыІэрагъэхьащ Магдалинэ Софье, Къамбий Тамерлан, Сонэ Идар, Джэрыджэ Идар сымэ.

Зэхьэзэхуэм щытекІуахэмрэ къыщыхьэжаныкІахэмрэ Іэмал ягъэутащ мэлыжьыхьым и 21 - 26-хэм Новороссийск къалэм щекІуэкІыну къэралпсо зэпеуэм зыкъыщагъэлъэгъуну.

Спортменхэр ягъасэ Мырзэ Тимур, ПщІэнашэ Мурат, Хьупэ Жантемыр, Ищенкэ Викторие.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэз.**



Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхущ ІапІэхэм ядолжьэныкІэ - 42-60-53; узышагъэр хъуэмэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщыІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъуэмэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ ІапІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ 12+

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, БсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкІыгъуэм елажьахащ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкі Соня,** *редактору* **Жыласэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Инарокъуэ Азэмэт** *(3, 4-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 4-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елажьар* **Бицу Жанинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 1912 ● Заказ №745